



Pou Piblikasyon Imedya: 29/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE BENEFISYÈ ÈD GOUVÈNMAN YO POU  
PWOTEJE TÈT YO KONT KLONAJ KAT**

***Vòlè yo itilize aparèy klonaj pou vòlè benefis tilizatè kat transfè benefis  
elektwonik yo***

***Pwojè lwa finansman federal la genyen ladan l pwovizyon pou bay plis asistans  
pou viktim yo vòlè benefis yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè ki te resevwa èd gouvènman yo pa kat Transfè Benefis Elektwonik (Electronic Benefit Transfer, EBT) yo pou pran mezi pou pwoteje tèt yo kont krimènèl ki itilize aparèy "klonaj" pou vòlè benefis benefisyè ki pa fè atansyon yo. Gouvènè a te remèsye delegasyon Kongrè New York la tou pou efò yo pou sekirize de zan finansman federal pou bay plis asistans pou benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) yo ke yo te vòlè benefis yo.

"Sa enkonzyan ke vòlè yo ap vòlè benefis SNAP nan men kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje itilizatè kat EBT yo pou rete vijilan epi pwoteje tèt yo, epi mwen remèsye Senatè Gillibrand ak delegasyon Kongrè New York la pou efò yo pou abòde sa ki vin tounen yon pwoblèm nasyonal."

Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite (Office of Temporary and Disability Assistance) a, ki sipèvize SNAP nan Eta New York, te devlope materyèl sansibilizasyon pou enfòmè itilizatè kat EBT yo konsènan mezi yo ka pran pou pwoteje tèt yo ak benefis yo. Yon videyo, ["Act Fast \(Aji vit\)!"](#) ak yon depliyàn, ["Pwoteje Tèt ou kont Klonaj EBT,"](#) disponib pou telechaje epi pataje sou rezo sosyo alafwa an Anglè ak [Espanyòl](#).

Konsomatè yo, lè y ap achte, ta dwe enspekte machin ki li kat la pou wè si li gen yon aparèy ki sou li ki ka kache pati nan machin nan oswa nenpòt bagay ki pa komen tankou mak kòl, pati ki domaje oswa lache. Si nenpòt moun sikipèk yon bagay mal ak machin nan, yo pa ta dwe itilize kat yo, avize yon manadjè magazen an, epi kontakte depatman sèvis sosyal lokal yo ansanm ak lapolis lokal la.

Anplis, itilizatè kat EBT yo ta dwe:

- Pwoteje benefis yo lè yo pwoteje tablo PIN lan lè y ap antre PIN yo.

- Chanje PIN YO SOUVAN epi pa pataje li. Li pi bon pou chanje PIN lan touswit apre chak tranzaksyon.
- Verifye kont EBT yo regilyèan pou chaj ki pa otorize.
- Si yo refize yon tranzaksyon sanzatan oswa yon itilizatè resevwa yon kòd erè, kontakte Liy Èd Sèvis Kliyan EBT a pou verifye tranzaksyon an sou kont lan.

Atravè peyi a, vòlè yo ap itilize klonaj kat ke yo mete an kachèt sou machin kat lekti kat yo kay detayan ki lejitim pou kopye kat ak enfòmasyon PIN itilizatè EBT yo dirèkteman. Apre sa, vòlè yo kapab itilize done yo vòlè yo pou kreye yon vèsyon doub kat la, k ap pèmèt yo gen aksè nan kont ki angaje a epi itilize benefis yo.

Pliske aparèy klonaj la pèmèt tranzaksyon ki lejitim pou kontinye san antrav, an jeneral, viktim yo pa okouran ke yo te viktim jiskaske yo eseye pwochen acha a oswa yo verifye balans kont lan.

**Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Anpil Nouyòkè depann de SNAP pou bay fanmi yo manje, epi yo pa ta dwe ap enklyete pou moun san eskripil k ap vòlè benefis ki pi esansyèl yo. Nou rekonesan ke delegasyon Kongrè nou an ap pran mezi pou ede abòde sa ki vin tounen yon pwoblèm nasyonal, epi nou ankouraje tout benefisyè SNAP yo pou prete atansyon ak benefis yo epi rete enfòme pou yo ka konnen kijan pou pwoteje tèt yo ak fanmi yo."

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare,** "SNAP bay asistans ki vital pou fanmi ki gen timoun, lòt adilt, sila yo ki gen enfimite, ansanm ak fanmi k ap travay k ap goumen pou debwouye yo. Pa gen okenn rezon pou Nouyòkè ki gen dwa pou èd pa ta kapab jwenn plis benefis pou bay tèt yo ak fanmi yo manje apre yo te viktim, epi nou rekonesan ak ofisyèl eli federal nou yo pou aksyon yo pou korije sa ki mal."

Delegasyon Kongrè New York la te travay pou asire yo te mete lang nan Lwa 2023 sou Kredi Konsolide a pou pèmèt viktim vòl yo genyen jiska de mwa benefis ki ranbouse ki itilize fon federal yo pou ane fiskal federal ki ankou ak sa k ap vini an. Eta a ap travay tou ak USDA pou idantifye opsyon pou ranfòse sekirite kat EBT yo pi plis.

**Senatè Charles E. Schumer te deklare,** "Okenn Nouyòkè pa ta dwe rete grankou akoz yon vòl klonaj kat. SNAP esansyèl pou plizyè milyon granmoun, fanmi, ak moun ki andikape ki vilnerab, ki depann de benefis yo pou asistans manje men ki riske pou yo rache kòd sovtaj sa paske yo santi yo viktim de kriminèl san yo pa fè okenn fot. Se poutèt sa, nan travay ak Senatè Gillibrand, nou te mete pwoteksyon nan pwojè lwa sou depans fen ane a pou sekirize lajan moun yo epi bay rekou pou viktim fwod yo pou yo ka tounen jwenn benefis yo."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Okenn moun pa ta dwe pase grangou paske yo viktim vòl idantite oswa yon vòl klonaj. N ap travay di pou bay Gouv. Hochul zouti li bezwen pou korije sa ki mal, ki enkli pou gen pwovizyon ki sekirize nan pwojè lwa

finansman fen ane a pou Ane Fiskal 2023 a pou rebay benefis SNAP a sila yo ke yo te vòlè. SNAP bay yon kòd sovtaaj pou plizyè milyon Nouyòkè, epi m ap kontinye fè tout sa m kapab pou pwoteje fanmi ki depann de li yo."

**Reprezantan Grace Meng te deklare,** "Benefis SNAP yo bay kèk nan manm kominote ki pi vilnerab nou yo manje ak nitrisyon yo bezwen pou mennen lavi an sante epi li enpòtan ke yo pwoteje benefis sa yo. Sa atriste ke vòlè yo ta rive nan nivo pou vòlè fanmi ak timoun ki nan nesosite, byenke sa vin tounen yon reyalite ki grav anpil pou anpil itilizatè kat EBT. Pandan toujou gen anpil travay ki pou fèt pou mete fen nan pwoblèm sa nèt, mwen fyè de travay ke mwen menm, ansanm ak Manm Kongrè Velázquez, Lidè Schumer, ak Senatè Gillibrand, te akonpli pou pwoteje fon sa yo epi ranbouse sila yo ki te viktim de vòl benefis SNAP yo. Mwen ankouraje tout moun pou pran mezi ki nesèsè pou pwoteje tèt yo kont vòl EBT potansyèl, epi si sa ta rive pou kontakte biwo nou yo touswit."

**Reprezantan Adriano Espaillat te deklare,** "Kòlèg travay mwen yo ak mwen te travay san rete pou asire finansman federal pou ogmante pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè a nan tout eta nou an, epi sa ineskizab ke move aktè yo ap tire avantaj de manm ki vilnerab nan kominote nou an ki bezwen èd la pi plis. Nou te adopte yon previzyon resaman nan pwojè lwa omnibus sou depans yo pou anpeche klonaj SNAP, epi pandan efò yo ap kontinye pou ede rezidan yo resevwa benefis pwogram SNAP yo, mwen ankouraje chak moun pou mefye yo de anak ak fwod ki posib k ap eseye tire avantaj de sèvis sa yo epi lè yo doute, pou kontakte Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite a pou èd sou kijan pou yo jere pwosesis aplikasyon an."

**Reprezantan Joe Morelle te deklare**"Li difisil anpil pou konprann moun ki ta vòlè benefis SNAP ki vle di pou bay fanmi ki nan bezwen manje. Mwen fyè ke nou te adopte yon pake finansman federal ki genyen ladan l yon ranbousman de mwa benefis yo te vòlè yo pou benefisyè yo. Se yon etap nou ka franchi pou ede, men li enpòtan tou pou ou vijilan epi asire ke ou pa viktim yon aparèy klonaj."

Nenpòt moun ki kwè yo te vòlè benefis yo ta dwe kontakte Liy Èd Sèvis Kliyan EBT nan 1-888-328-6399 oswa ale sou [ConnectEBT.com](https://www.connectebt.com), epi rapòte sa pou yo ka jwenn yon nouvo kat. Viktim ki sispèk yo ta dwe kontakte depatman sèvis sosyal lokal yo tou pou rapòte ke yo te vòlè benefis yo epi depoze yon plent lapolis nan depatman polis lokal yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418